



# Kite FPL Ede w Jere Bòdwo w

## Pwogram “On Call®” FPL La

- » On Call se yon fason ki fasil pou desann bòdwo kouran w lan.
- » Lè w sèvi kòm volontè pou enskri nan pwogram On Call la, se ede ou ede nou voye kouran bay tout kliyan nou yo ki bezwen lè demann pou kouran an wo anpil.
- » Ann echanj pou patisipasyon w, w ap resevwa yon kredi sou bòdwo FPL ou.
- » Ekonomize jiska \$137 chak ane selon ekipman an ak opsyon w chwazi yo.
- » Pou konnen si adrès ou kalifye pou w patisipe, ale sou [FPL.com/OnCall](http://FPL.com/OnCall) oswa rele nan **800-342-5375**.

## Faktirasyon Bidjè FPL la (FPL Budget Billing®)

- » Majorite nan nou itilize plis kouran pou kenbe frechè nan kay la nan mwa ete yo.
- » Pou kantite kòb ou gen pou peye a pa chanje anpil chak mwa, ou gendwa enskri nan pwogram Faktirasyon Bidjè FPL la (FPL Budget Billing).
- » Faktirasyon Bidjè FPL la egalize depans kouran w pandan tout ane a, konsa w peye anviwon menm kantite kòb la chak mwa.
- » Menm lè pwogram lan pa la pou ede w fè ekonomi, Faktirasyon Bidjè a fè li pi fasil pou jere depans ou fè chak mwa yo.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [FPL.com/resbb](http://FPL.com/resbb), oswa rele nan **800-226-3545**.

## FPL 62Plus

- » FPL 62Plus se yon pwogram ki la pou kliyan rezidansyèl ki resevwa yon revni fiks chak mwa, kèlkeswa laj yo.
- » Pwogram sa a ba w yon mwa konplè pou peye bòdwo a apre FPL voye li.
- » Pou kont rezidansyèl la kalifye, tout kòb kliyan an dwe sou li sipoze peye nan moman li enskri nan pwogram nan. Mete sou sa, non kont lan dwe koresponn ak non moun k ap enskri a.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [FPL.com/62plus](http://FPL.com/62plus), oswa rele nan **800-266-3545**.

## Tablo Kouran Entènèt la

- » Tablo Kouran Entènèt ou an pèsonalize pou li ba w pouvwwa pou w wè ki kantite kouran w itilize e pou w dekouvri kèk nouvo fason pou fè ekonomi sou bòdwo kouran w la.
- » Konekte w sou Tablo Kouran Entènèt ou an pou konprann ki kantite kouran w ap itilize ak sa l ap koute w, chak mwa, chak jou oswa chak èdtan.
- » Fè previzyon ak bidjè sou kouran w pral itilize a
- » Konprann diferan faktè ki afekte bòdwo w, tankou tanperati ki deyò a, epi pran desizyon apati enfòmasyon sa yo
- » Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason w ka mete konsomasyon kouran w sou kontwòl, ale sou [FPL.com/EnergyDashboard](http://FPL.com/EnergyDashboard).

## Rapèl Amikal FPL la (FPL Friendly Reminder®)

- » Rapèl Amikal FPL la se yon sèvis gratis ki bay kliyan ki pa peye -yon dezyèm avi final anvan kouran an koupe.
- » Nou ka voye dezyèm avi final sa a bay yon lòt moun ou deziyen oswa nan adrès kote w gen sèvis la lè w itilize yon lòt adrès pòstal.
- » Ou ka chwazi pou nou voye dezyèm avi final la nan adrès kote w gen sèvis la si w itilize yon lòt adrès pòstal. Sa ka itil si w se yon kliyan ki rete nan adrès la yon pati nan ane a sèlman.
- » Moun ou deziyen an pa responsab peye pou bòdwo a. Kliyan an gen senk jou biznis apati dat avi final la pou fè peman an.
- » Se kliyan yo ki responsab avize FPL si adrès yo oswa adrès moun yo deziyen an chanje.
- » Si kliyan an sispann oswa fèmen kont lan pou kèlkeswa rezon an, l ap gen pou l enskri nan pwogram nan yon lòt fwa ankò.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [FPL.com/remind](http://FPL.com/remind), oswa rele nan **800-266-3545**.

